**दिन– शनिवार** **दिनांक–21.12.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

केन्द्रीय वित्तमंत्री निर्मला सीतारामनक अध्यक्षता मे वस्तु आ सेवा कर जी.एस.टी परिषदक पचपनम बैसार आइ राजस्थानक जैसलमेर मे भऽ रहल अछि। बैसार मे उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सहित कतेको राज्यक प्रतिनिधि सभ भाग लऽ रहल छथि। भेटल जनतबक अनुसार ई बैसारक पहिल सत्र मे आइ कतेको बीमा सँ जुड़ल प्रीमियम पर जी.एस.टी दर कम कयल जयबाक मुद्दा पर चर्चा कयल गेल। उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी जनौलनि जे ई प्रस्ताव के पैघ स्तर पर चर्चा लेल जी.एस.टी समूहक अगिला बैसार मे राखल जायत। आजुक बैसार मे सिगरेट, गुटखा सहित कतेको तमाकू उत्पाद पर जी.एस.टी.क दर बढ़ाओल जयबाक लेल विचार कयल जा रहल अछि।

---

एम्हर, केन्द्रीय वित्त मंत्री निर्मला सीतारामन जी.एस.टी बैसार सँ पहिने कतेको राज्य आओर केन्द्रशासित प्रदेशक वित्तमंत्री सभक संग बैसक कयलनि। एहि मौका पर वित्त मंत्री सह उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी वर्ष दू हजार पचीस–छबीसक बजट लेल बिहार सँ जुड़ल एक मांग–पत्र केन्द्रीय वित्तमंत्री के सौंपलनि। मांग–पत्र मे राज्यक आर्थिक विकास सँ जुड़ल कतेके क्षेत्र मे केन्द्रीय मददि बढ़ायब आओर किछु विशेष परियोजना लेल बजटीय प्रावधान करबाक आग्रह कयलनि अछि। श्री चौधरी मांग–पत्र मे मुंगेरक जमालपुर मे पीएम गतिशक्ति रेलवे विश्वविद्यालय बनेबाक लेल जनौलनि अछि। संगहि राज्य मे दस नव केन्द्रीय विद्यालय खोलब आओर विक्रमशिला विश्वविद्यालयक पुनरुद्धारक मांग सेहो कयलनि अछि। ओ राज्यक समृद्ध सांस्कृतिक विरासत के जीवंत बनेबाक लेल बिहार मे फिल्म सिटी प्रोजेक्ट के चलेबाक लेल केन्द्र सँ दू सय करोड़ टाका देबाक लेल जनौलनि अछि। ऊर्जा क्षेत्र मे पचास सँ सय मेगावाट बला सोलर पार्क स्थापित करबाक सेहो आग्रह कयलनि अछि।

---

आइ पहिल विश्व ध्यान दिवस मनाओल गेल। ई दिवसक आयोजन शांति आ कल्याणक भावना सँ बढ़िया जिनगी जीबाक लेल प्रेरित करबाक उद्देश्य सँ शुरू कयल गेल अछि। ध्यान दिवसक मौका पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी देशवासी सभ सँ ध्यान के अपन दैनिक जीवनक अंग बनेबाक लेल जनौलनि अछि। श्री मोदी सोशल मीडिया पोस्ट मे जनौलनि अछि जे ध्यान व्यक्ति आओर समाजक जीवन मे शांति आ समरसता लयबाक एक मजगूत माध्यम अछि।

———————————————————————————

विश्व स्वास्थ्य संगठन—डब्ल्यू.एच.ओ जनौलक अछि जे भारत मलेरिया रोगक मामिला आओर एहि सँ जुड़ल मृत्यु दर कम करय मे निक प्रगति कयलक अछि। स्वास्थ्य संगठन वर्ष दू हजार चौबीसक विश्व मलेरिया रिपोर्ट मे ई गपक चर्चा कयल गेल अछि।

———————————————————————————

राजगीरक स्टेट गेस्ट हाउस मैदान मे आइ सँ तीन दिवसीय राजगीर महोत्सव शुरू भेल अछि। ग्रामीण विकास मंत्री श्रवण कुमार महोत्सवक उद्घाटन कयलनि। ई महोत्सव मे एहि वर्षक विशेष आकर्षण, **"जहां नारी—वहां विजय"** थीम पर महिला महोत्सव अछि। एहि बिच कतेको सांस्कृतिक कार्यक्रम आओर खेल प्रतियोगिता आयोजित कयल जायत। वॉलीवूडक पैघ सिंगर जुबिन नौटियाल, आइ अपन प्रस्तुति देताह। काल्हि दोसर दिन स्थानीय कलाकार सभक प्रदर्शन होयत। महोत्सवक अंतिम दिन इंडियन आइडल फेम पवनदीप आओर अरूणिता अपन प्रस्तुति देताह। महोत्सवक ग्राम श्री मेला मे देशक कतेको भाग सँ आयल शिल्पकार आओर उद्यमी सभ अपन—अपन उत्पाद के प्रदर्शित करताह।

———————————————————————————

प्रदेशक अधिकतम आओर न्यूनतम तापमान घटि—बढ़ि रहल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार पश्चिमी विक्षोभक असरि कम भेला सँ बेसी ठाम तापमान सामान्य सँ एक सँ दू डिग्री सेल्सियस बेसी रहल। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल अछि जे अगिला चौबीस घंटाक बिच मौसम मे कोनो खास बदलि नहि होयत। विभाग जनौलक अछि जे अगिला दू दिनक बाद पश्चिमी विक्षोभ फेर सँ सक्रिय भऽ सकैत अछि जाहि सँ ठंढ़ा बढ़त।

एहि सँ सुपौल, पूर्णियां, कटिहार, सहरसा, मधेपुरा, अररिया, किशनगंज आओर भागलपुर जिला सहित राज्यक उत्तर–पूरबी आओर दक्षिणी–पूरबी क्षेत्र मे घनगर कुहेस छाओल रहि सकैत अछि।

———————————————————————————

पश्चिम चंपारण जिला मुख्यालय बेतियाक सिरसिया मे छापामारि कऽ पुलिस ढ़ाई किलो सँ बेसी चरसक संग एक महिला सहित दू तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि। पुलिस अधीक्षक शौर्यसुमन जनतब देलनि अछि जे बरामद चरसक मूल्य डेढ़ करोड़ टाकाक सँ बेसी अछि।

———————————————————————————

मधुबनी जिलाक भारत–नेपाल सीमा क्षेत्रक बेतौनहा लऽग एस.एस.बी दू तस्कर के तिरपन ग्राम ब्राउन सुगरक संग गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————————

अररिया जिलाक फुलकाहा थाना क्षेत्र सँ पुलिस छापामारि कऽ उनैस किलो गांजा बरामद कयलक अछि। ओतहि, जिलाक फारबिसगंज थाना क्षेत्र सँ पुलिस आओर एस.एस.बी के टीम मादक पदार्थ ब्राउन सुगरक संग एक तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————————

समस्तीपुर जिलाक कल्याणपुर थाना क्षेत्रक मुक्तापुर गाम लऽग अपराधी सभ प्रोपर्टी डीलर सहित दू लोक के गोली मारि कऽ हत्या कऽ देलक।

———————————————————————————

शिवहर जिलाक तरियानी थाना क्षेत्र सँ पुलिस छापामारि कऽ कुशहर उच्च विद्यालय लऽग सँ तीन अपराधी के हथियारक संग गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————————

समाप्त